**ÓZBEKISTAN RESRUBLIKASÍ JOQARÍ HÁM ORTA ARNAWLÍ BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI**

**BAS ILIMIY-METODIKALÍQ ORAYÍ**

**QARAQALPAQ MÁMLEKETLIK UNIVERSITETI JANÍNDAǴÍ PEDAGOG KADRLARDÍ QAYTA TAYARLAW HÁM OLARDÍŃ QÁNIGELIGIN JETILISTIRIW AYMAQLÍQ ORAYÍ**

# «ФИЛОЛОГИК ТЪЛИМДА ИЛҒОР ХОРИЖИЙ ТАЖРИБАЛАР» MODULÍ BOYÍNSHA

# OQÍW METODIKALÍQ KOMPLEKS

**Nókis – 2019**

**Bul oqıw-metodikalıq kompleks Bas ilimiy metodikalıq oraydin'  Muwapıqlastırıwshı Ken'esinin' 2019 jıl  «18»-oktyabrdeg'i 5-sanli bayannaması menen tastıyıqlanǵan.**

**Dúziwshi:** **prof SH.Abdinazimov**

**Pıkir bildiriwshi:** **docent Sh.Eshmuratov**

# MAZMUNÍ

**JUMÍS BAĞDARLAMA** ...........................................................................................
**LEKCIYA TEKSTLERI** ..........................................................................................
**A'MELIY SHINIĞIWLAR USHIN MATERIALLAR**...................................................
**ÓZ BETINSHE TAPSÍRMALARÍ** .........................................................................
**TEST SORAWLARÍ** ...............................................................................................
**QADAĞALAW SORAWLARÍ** ................................................................................
**GLOSSARIY**...........................................................................................................
**A'DEBIYATLAR DIZIMI** ........................................................................................

### Baǵdarlamanıń tiykarǵı maqseti hám wazıypaları

- Tıńlawshılarǵa qaraqalpaq tili hám ádebiyatı rawajlanıw baǵdarları hám innovaciyalar rawajlanıwı boyınsha alǵa qoyılǵan ilimiy-teoriyalıq kontseptsiyalar haqqında salıstırmalı, tallawlıq maǵlıwmatlar beriw, шет ел тәжирийбелеринен, zamanagóy pedtexnologiyalardan paydalanıp tıńlawshılardıń qánigeligin arttırıwǵa kómeklesiw;
- Qaraqalpaq tili hám ádebiyatı rawajlanıw baǵdarları hám innovaciyalar zamanagóy jańasha teoriyalıq konceptsiyalarınıń mazmun-mánisin ashıw, шет ел тәжирийбелеринен тереӊ пайдаланыў, onı tálim-tárbiya protsesinde qollawdıń abzallıqları haqqındaǵı tiykarlardıń islep shıǵılǵanın ashıp beriw hám tıńlawshılarda olardı anıq ilimiy-teoriyalıq tallaw, qalıs bahalaw hám óz betinshe turmıslıq pozitsiyasın júzege shıǵarıwǵa erisiw;
- Qaraqalpaq tili hám ádebiyatı rawajlanıw baǵdarları hám innovaciyalar pánininń sońǵı jetiskenlikleri menen baylanıslı ózgerisler hám jańalanıwlardı ilimiy-teoriyalıq tallaw hám onıń tiykarǵı baǵdarınıń ózine tán qásiyetleri, maqset-wazıypaların tıńlawshılarǵa jetkiziw;

### Pán boyınsha bilimler, kónlikpeler, qánigelikke qoyılatuǵın mámleketlik talaplar

Joqarı tálim профессор-oqıtıwshılarınıń qánigeligin arttırıwǵa qoyılatuǵın mámleketlik talaplar hám tayarlıq baǵdarları boyınsha úlgi baǵdarlamalar tiykar etip alınǵan.

### Pánniń oqıw rejedegi basqa pánler menen baylanısı hám dawamlılıǵı

Pán mazmunı oqıw rejedegi birinshi blok hám qánigelik pánleriniń barlıq tarawları menen úzliksiz baylanısqan halda pedagoglardıń ulıwma tayarlıq dárejesin arttırıwǵa xızmet etedi.

## Pánniń Joqarı bilimlendiriwdegi ornı

Qaraqalpaq tili hám ádebiyatı rawajlanıw baǵdarları hám шет ел тәжирийбелери. innovaciyalar máseleleri boyınsha áhmiyetli jańa teoriyalıq kontseptual ideyalar alǵa qoyılǵan. Joqarı tálimdegi qaraqalpaq tili hám ádebiyatı ilimin oqıtıw usılları, talabalardıń lektsiya, ámeliy, seminar shınıǵıwların hám talabalar tárepinen orınlanatuǵın ilimiy jumıslardı qanday islew ózgeshelikleri tiykarlarına súyengen halda ámelge asırıw konceptsiyasında óz sáwleleniwin tapqan.

## Lekciya-trening sabaqlarınıń temaları

| | Model birligi atları | Ulıwma saatlar muǵdarı | Lekciya | A'meliy | Óz betinshe |
|---|---|---|---|---|---|
| 1 | **Шет ел билимлендириў тәжирийбелери. Германиядағы баслаўыш, орта, ҳәм жоқары билим бериў системасы** | 4 | 2 | 2 | |
| 2 | **Түркия билимлендириў системасы** | 4 | 2 | 2 | |
| 3 | **Мегауниверситет- Жаңа түрдеги жоқары оқыў орны** | 2 | | 2 | |
| | **Jámi** | **10** | **4** | **6** | |

## LEKCIYA TEKSTLERI

1-tema: **SHet el bilimlendiriw ta'jiriybeleri. (Германиядағы баслаўыш, орта, ҳәм жоқары билим бериў системасы).**

**Joba:**

1. Германиядағы баслаўыш, орта, ҳәм жоқары билим бериў системасы.
2 . Германиядағы кәсиплик билимлендириў тараўы
3. Германиядағы жоқары билим бериў тараўы
4. Университетлер, Институтлар
5. Германиядағы илим, ҳәм билимлендириў

***Tayanısh sózler:*** *шет ел тәжирийбелери, Германиядағы баслаўыш тәлим, орта тәлим, Реал мектеплер, гимназия, психологиялық диагностика, кәсиплик мектеплер.*

### Германиядағы баслаўыш ҳәм орта билим бериў тараўы

Германия мәмлекети 1991-жылға шекем социалистлик (ГДР) ҳәм капиталистик (ГФР) системаға ажыралған еди, сонлықтанда олардың билимлендириў тараўы бир-биринен айырмашылыққа ийе болды. Олар бирлескеннен кейин әсиресе, Германия Демократиялық Республикасы билимлендириў тараўы реформаға ушырады.

Германияда 6 жастан 18 жас аралығында оқыў мәжбүрий. Баслаўыш класслар 1-4 жыл (Берлин ҳам Бранденбургте 6 жыл) даўам етеди. 1-2-классларда оқыўшыларға баҳа қойылмайды. 3-4-классларда баҳа қойылады. Баслаўыш классларды питкергеннен соң оқыўшы ҳәр қыйлы басқыштағы мектеплердиң бирин таңлаўына туўра келеди. Олардың төмендеги түрлери бар: Тийкарғы мектеп (толық емес орта (5-6 класс), реал мектеп ҳәм гимназия. Булардан басқа арнаўлы таярлықтан өткен оқытыўшылар

раўажланыўында нуқсаны бар оқыўшылар оқыйтуғын мектеплерде билим береди.

Германияда мектепке шекемги билимлендириў мәкемелери жақсы раўажланбаған. 3-5 жас аралығындағы балаларды тәрбиялайтуғын аз сандағы балалар бақшалары бар. Мектепке оқыўшылар 6 жастан қабыл етиледи. Баслаўыш классларда комплексли оқытыў қәлиплескен. Немис тили, арифметика, үлке таныў, музыка, дене тәрбиясы, дин таныў пәнлери бир – бирине байланыстырып оқытылады. 3 ҳәм 4 классларда айырым пәнлер мәселен, немис тили ажыратылып тереңлестирилип оқытыла баслайды, қалған пәнлер бирликте оқытылады. 5-6 классларға келгенде оқыўшылардың буннан кейин оқыўды қай жерде даўам ететуғыны (толық халықлық мектеп (7-9класс), реал мектеп ямаса гимназияда ма?) анықланады.Бул оқыўшының қәлеўи ҳәм оның қәбилетине байланыслы болады. Толық халықлық мектепте оқыў мүддети 9 жыл (айырым федерал жерлерде 10 жыл. Германияда 16 федерал жерлер бар). Бул оқыў орны оқыўшыларды белгили бир кәсипти ийелеўге бағдарлайды. Кәсиплик шеберлик бойынша сабақларға басқа пәнлерге салыстырғанда тийкарғы дыққат аўдарылады. Толық халықлық мектепте динтаныў, тарийх, жәмийет таныў, ана тили пәнлерине ажыратылған саат улыўма оқыў режесиниң 33%ин қурайды. Тәбийий (биология, физика, химия, математика) пәнлерге ҳәптесине 4 саат ажыратылған, мийнет, дене тәрбиясы ҳәм эстетикалық бағдардағы – сүўрет, қосық, музыка пәнлери оқыў режесиндеги саатлардың 22% ин қурайды.

Соңғы ўақытлары толық халықлық мектептеги оқыўшылардың саны жылдан жылға азайып бармақта. Буның тийкары келешекте абыройлы қәнигеликлерди ийелеў, жоқары лаўазымларда жумыс ислеўди қәлеўши оқыўшылар санының өсип барыўына байланыслы. Себеби толық халықлық мектепти (9 ямаса 10 жылда) питкерген оқыўшылар ҳәр күни 8 саатлап физикалық мийнет талап етилетуғын қәнигелер таярлайтуғын кәсиплик мектеплер яғный кәсип - өнер колледжлерине ғана қабыл етиледи. Толық халықлық мектепти питкергенлер қосымша курсларға қатнасыў ҳәм

имтиханлар тапсырыў арқалы реал мектеплердиң гуўалықнамасына ийе болыўы мүмкин. Реал мектеплер (9-10 класслар) толық халықлық мектеплерге салыстырғанда оқытыўдың сапасы жоқарылығы менен ажыралып турады. Реал мектеплерде анық ҳәм тәбийий пәнлер, тиллер, жәмийетлик– экономикалық бағдарларында физика, химия, биология, шет тили, математика пәнлери тереңлестирилип оқытылады. Реал мектеплерде айрықша баҳаларға оқыйтуғын оқыўшылар оқыў жылының ақырында гимназияларға өткерилиўи мүмкин.

Толық халықлық мектеп ҳәм реал мектеплерди тамамлағаны туўралы ҳүжжет оқыўшыға кәсиплик мектеплер, колледжлерге кириў ҳуқуқын береди. Соның менен бирге, реал мектепти питкериў жоқары басқыштағы кәсиплик мектеплерде оқыўды даўам етиў мүмкиншилигин береди, ал қосымша имтиханларды табыслы тапсырған жағдайда гимназияға қабыл етиледи. Гимназияны тамамлағаны туўралы абитур диплом университетлерге кириў дегенди аңлатады. Гимназия – университетте оқыў мүмкиншилиги берилетуғын бирден-бир оқыў орны. Гимназияда оқыў 5-13 классларды өз ишине қамтыйды. Гимназияда оқыў барысында талантлы ҳәм саўатлы оқыўшылар таңлап алынып кейинги басқышға өткериледи. Әсиресе 10 класстың 1 семестринде бундай таңлаўлар нәтийжесинде оқыўшылардың әдеўир бөлеги колледжлерге оқыўын өзгертиўине туўра келеди. Германияда оқыўшылардың қызығыўшылығын анықлап кәсипке бағдарлайтуғын психологиялық диагностика орайларының жумыслары жақсы жолға қойылған. 11 – 12 классларда да бул таңлаўлар даўам етеди. Солай етип гимназияның 13 класын оған оқыўға кирген оқыўшылардың тек 15 проценти ғана питкереди, яғный университетлерге кирип оқыў ҳуқуқына ийе болады. Олар кеминде еки тилди билетуғын инталы балалар есапланады. Қалған 85 процент оқыўшылар кәсип - өнер колледжлеринде оқыйды, кейин ала өндиристе жумыс ислейди. Гимназияда оқыў қәнигеликке бағдарлаў сыпатына ийе болады, яғный гимназиядағы класслар классикалық, анық ҳәм тәбийий пәнлер бағдарына бөлинеди. Сондай-ақ, инженерлик, экономикалық

ҳәм педагогикалық бағдардағы кәсиплик гимназияларда шөлкемлестирилген. Гимназияның барлық типлери ушын ортақ пәнлер– немис тили, тарийх, география, математика, биология, дене тәрбиясы, музыка ҳәм дин таныў. Классикалық гимназияларда шәртли түрде латын, грек ҳәм ҳәзирги тиллерден (инглис, француз, испан ҳ.т.б.) бири ямаса екеўи үйретиледи. Анық ҳәм тәбиййй пәнлер бағдарына қәлиплескен гимназияларда математика, физика, химия ҳәм биология пәнлери тереңлестирилип оқытылады. Гимназияларда ҳәр бир пәнге тийисли материалларды толық өзлестирген оқыўшылар ғана класстан классқа өткериледи. Өзлестире алмаған оқыўшылар қәбилетине қарай кәсиплик билим беретуғын колледжлерге жибериледи. Бир қызықлы жағдай, жол баслаўшыларымыздың берген мағлыўматларына қарағанда, Германияның бурынғы канцлери Гелмуд Коллдың еки баласы бар екен. Германия канцлериниң еки баласы да тийисли бағдарламаларды толық өзлестире алмағаны ушын гимназияны питкере алмаған ҳәм жоқары оқыў орнына кире алмаған.

Германияның Конституциясы бойынша жеке меншик мектеплерди ашыўға рухсат берилген. Жеке меншик мектеплердиң көпшилиги диний мектеплер есапланады. Оларда улыўма оқыўшылар санының 8 % шамасындағы оқыўшылар оқыйды. Жеке меншик мектеплерге оқыў режесине киргизилетуғын пәнлерди таңлаўда мәмлекетлик мектеплерге салыстырғанда бир қанша еркинлик берилген.

Германия билимлендириў системасы жүдә қурамалы, оның басқышларын бирден түсиниў бир қанша қыйыншылық туўдырады. Деген менен әпиўайыластырып айтқанда, Германия билимлендириў системасындағы толық ҳалықлық мектеп 9 классты питкериў менен тең. 9 класстың өзи екиге бөлинеди: толық халықлық мектепти питкериўшилер классы; реал мектептиң басланғыш класы. 10 классты питкерген оқыўшы реал мектепти тамамлағаны туўралы гуўалық алады. Ал 11-12 классларда оқыў гимназия басқышындағы статусқа ийе. 13 классларды питкергенлер

абитур диплом алады. Бул дипломды алған оқыўшы университетлерге өзиниң таңлаған қәнигелиги бойынша имтихансыз қабыл етиледи. Германияда жоқары оқыў орынларына кириў ушын биздегидей тест сынақлары өткизилмейди. 10 класстың биринши ярым жылы сынақ басқышы болып, усы басқышта ең саўатлы ҳәм талантлы оқыўшылар таңлап алынады ҳәм кейинги басқышта оқыўын даўам етеди. Германия билимлендириў системасының ең тийкарғы айрықшалық белгилериниң бири-ҳәр бир оқыўшының қызығыўшылығы, қәбилети, саўаты ҳәм талантына қарай оған жеке қатнас жасаўға, оқытыўшы менен оқыўшының жеке ислесиўине итибар қаратылады.

**Германиядағы кәсиплик билимлендириў тараўы**

Германияда толық халықлық ҳәм реал мектеплерди питкериўшилер ушын кәсиплик билимлендириў мәжбүрий. Кәсиплик мектеплерде оқыўшылардың көпшилиги өндиристен қол үзбеген ҳалда, өндирислик кәрхана ҳәм шөлкемлерде шәкирт болып ислеп жүрип оқыйды, ҳәптесине тек 12-14 саат теориялық сабақлар өткериледи. Оқыўшылар ҳәптеде 1,5 – 2 күн теориялық билимлерди кәсиплик мектепте өзлестиреди, 3 – 3,5 күн кәрханада әмелий сабақларды оқыйды. Кәсиплик мектеплерде оқыў бағдарламасы, ондағы пәнлер таңлаған кәсибине байланыслы болып, оқыўшылар тек қәнигелиги бойынша теориялық билимлерди ийелейди. Айырым кәсиплик мектеплерде улыўма билим беретуғын классларда бар. Бул классларды тамамлағанлар ушын жоқары басқыштағы кәсип-өнер колледжлеринде оқыў мүмкиншилиги жаратылады. Жоқары басқыштағы кәсиплик мектеплер системасы өзиниң ишине медицина, аўыл хожалығы, хызмет көрсетиў тараўларын алады ҳәм оқыў мүддети 4 жыл. Сондай – ақ , бир неше техникалық училище ҳәм инженерлик мектеплер тармағы болып, оған реал мектеплерди ямаса гимназияның 10- классын питкергенлер кириў ҳуқуқына ийе. Оларда оқыў 2 ямаса 3 жыл даўам етип орта мағлыўматлы техниклер, инженерлер таярланады.Орта арнаўлы кәсиплик билим беретуғын

оқыў орынларында пәнлер таярланып атырған қәнигеликке байланыслы оқытылады. Мәселен, «Математика» пәнин алатуғын болсақ барлық қәнигеликлерде жоқары математиканы оқытыўдың зәрүрлиги жоқ. Экономика, тоқымашылық, аўыл хожалығы, инженер, машина қурылысы, электроэнергия қәнигеликлеринде математикалық есаплаўлар қандай талап етилетуғын болса математика пәнин сол қәнигеликлерге бейимлестирип зәрүрлик дәрежесине қарай оқытылады. Техникалық бағдардағы кәсип - өнер коллежлеринде «Техникалық инглис тили» пәни енгизилген, яғный келешекте бул кадрлардың тек Германияда ғана емес, ал шет еллерде де жумыс ислеўи ушын техникаға байланыслы «Инглис тили» пәни оқытылады.Сондай-ақ, теориялық ҳәм әмелий билим бериўди мийнет базарының талапларына сәйкеслендириў талап етиледи. Бул куррикулум системасы деп аталады.

Германиядағы кәсиплик билимлендириў системасы дүнья жүзинде алдыңғы орынлардың бирин ийелейди. Орта арнаўлы кәсиплик билимлендириў бойынша Франция, Италия ҳәм Швеция мәмлекетлериндеги мектеп модели, АҚШ, Англия, Япониядағы базар моделине салыстырғанда немислерде қәлиплескен модель өзиниң жақсы нәтийжелерин бермекте. Оның тийкарғы жетискенлиги – дуаль системасы болып, яғный оқыўдың кәсиплик билимлендириў мәкемелери менен өндирис кәрханаларында, фирмаларда шөлкемлестирилиўи болып табылады. Оқыў мүддетиниң үштен еки бөлеги өндирислик кәрханаларда, фирмаларда шөлкемлестириледи. Кәсиплик мектеплер оқыўшылардың фирмаларда алған билимлериниң теориялық тийкарларын жуўмақластырады, оқыўшының дүньяға көз қарасын кеңейтеди. Кәсиплик мектеплер оқыўшыларды өзлигинен оқыўға қабыл ете алмайды. Оқыўшы кәсиплик мектепте оқыў ушын дәслеп кәрхана ямаса фирманы излейди. Олар медициналық көриктен өткерип кейин оқыўшы менен шәртнама дүзеди. Шәртнамада оқыўшының дүзген шәртнамасының мүддети, кәрханадан алатуғын ғәрежетиниң муғдары, бир жылда неше күн дем алыс алатуғыны көрсетиледи. Шәртнаманы дүзип

болғаннан кейин оқыўшы кәсиплик мектепке қабылланады. Яғный кәрхананың буйыртпасы тийкарында қәниге таярланады. Шәртнама өндириўшилер ҳәм өнерментшилер палатасы тәрепинен тастыйықланады. Оқыўшылардың 80 проценти фирмалар менен шәртнама дүзип, өндирис усталарының қасына шәкирт сыпатында бекитиледи. Қалған 20 процент оқыўшылар ушын арнаўлы класслар шөлкемлестириледи.Олардың оқыў процеси тийкарынан кәсиплик мектеплерде өткериледи. Бундай класслар оқыў орнында ондай абыройға ийе емес. Кәсиплик мектеплерди питкергенлерге гуўалықнама бериледи. Бул гуўалықнама фирмада оқыў әмелиятын өткергенлиги туўралы ҳүжжет пенен тастыйықланған жағдайда өз күшине киреди ҳәм қосымша курсларды питкергеннен кейин жоқары арнаўлы оқыў орнына кириў мүмкиншилигин береди.

Германияда орта арнаўлы кәсиплик билимлендириў тараўында ҳәзирги ўақытта айырым машқалаларда да ушыраспақта. Соңғы ўақытлары азық – аўқат санааты, химия, тоқымашылық, электротехника қәнигеликлеринде оқыўшылар ушын жеткиликли дәрежеде орын ажыратылыўына қарамастан жылдан – жылға бул қәнигеликлерде оқыўды қәлеўшилердиң саны азайып бармақта. Соның менен бир ўақытта офис хызметкерлерин таярлаў, басқарыў ҳәм шөлкемлестириў, информациялық технологиялар бойынша қәнигеликлерде оқыўды қәлеўшилердиң саны ажыратылған орынларға салыстырғанда артық.

Қулласы, Германия мәмлекетиндеги орта арнаўлы кәсиплик билим бериў мекемелериниң жетискенлик тәреплериниң бири кәсип-өнер колледжлеринде дуаль системасының енгизилиўине байланыслы. Яғный ири завод ҳәм фабрикалар менен бирге орта ҳәм киши кәрханалар, фирмалар өзлери ушын буйыртпа тийкарында қәнигелер таярлаўы болып есапланады. Оқыў процесиниң үштен еки бөлеги усы кәрхана ҳәм фирмаларда ямаса кәрханалар аралық оқыў орынларында шөлкемлестириўи арқалы оқыўшылардың әмелий тәжирийбелери қәлиплесип ҳақыйқый мәнисиндеги қәнигелер болып шығады. Электроконтакт, робот техникаларын ислеп

шығыў бойынша дүньяда алдыңғы орынлардың биринде туратуғын Гейдельббергтеги ABB фирмасы өз кәрханасы ушын 350 кадр таярлап атыр. 2008-жылы жоқары арнаўлы мектепке 100, орта арнаўлы колледжге 60 студент қабыллаған. Фирманың есабынан бакалавриаттың I курс студентлерине айына 700 евро, II курсына 900 евро, III курс студентлерине 1200 евро стипендия төлейди. Жоқары оқыў орнын питкерген инженерлер усы фирманың өзинде жумыс ислейди. Ал мәмлекет тәрепинен кәрхана ҳәм фирмалардың бул басламасы қоллап қуўатланып салықларды төлеўде жеңиллик бериледи, яғный кәрхана ҳәм фирмалардың жыллық таза пайдасының ишинен оқыў ғәрежетлери алып тасланады, оған салық салынбайды.

## Германиядағы жоқары билим бериў тараўы

Германияда 300 ден аслам жоқары оқыў орынлары бар. Классикалық үлгидеги университетлер менен бир қатарда соңғы ўақытлары теория менен әмелиятты бир-бирине тығыз байланыстырған пәнлер аралық жаңа қәнигелерди таярлайтуғын жоқары оқыў орынлары пайда болмақта. Бул мәмлекеттеги жоқарғы билим бериў системасындағы ең тийкарғы принцип «академиялық еркинлик» болып табылады. Оның мәниси жоқары оқыў орынларында оқыў ушын қойылған талапларды орынлаған ҳәр бир талабан университет, институтларға кирип оқыйды.

Германия жоқары билим бериў системасындағы және бир әҳмийетли принциплердиң бири-оқыў процесси ҳәм илимий-изертлеў жумысларының тығыз байланыслылығы. Германиядағы университетлерде көп санлы талантлы илимпазлар жумыс ислейди. Университет лабораторияларында дүнья жүзилик әҳмийетке ийе жаңалықлар ашылып турады. Жоқары оқыў орынларында тек теориялық билимлер оқытылмайды, ал студенттиң таңлаған қәнигелиги бойынша әмелий тәжирийбелерине де айрықша дыққат аўдарылады. Фундаменталь илимий-изертлеў жумыслары менен әмелий бағдардағы изертлеў жумыслары қатар алып барылады. Германиядағы

университетлердиң халық аралық концернлер ҳәм шет ел илимий-изертлеў институтлары менен табыслы бирге ислесиўи туўралы көплеген унамлы мысалларды келтириў мүмкин. Булардың барлығы Германиядағы жоқары оқыў орынларының бәсекиге шыдамлылығын арттырады ҳәм оны питкериўши қәнигелерге дүнья жүзинде талапты жоқарылатады.

Бүгинги күнде Германиядағы жоқары оқыў орынларында 1 млн. 800 мыңға шамалас студентлер оқыйды. Жоқары оқыў орынларын төмендеги түрлерге ажыратыў мүмкин.

## Университетлер

Германиядағы ең дәслепки университетлерге XIV әсиде тийкар салынған Германияда 1385 жылы 23 – октябрьде ең дәслепки Гейдельберг университети шөлкемлестирилген. Бирақта ол ўақытта немис корольлигине ҳәзирги Австрия, Чехия жерлери де қарайтуғын еди. Гейдельбергтен бурын Вена ҳам Прага университетлери ашылған еди. Гейдельберг университетинде сол ўақытта философия, медицина, теология (дин таныў) қәнигеликлери бойынша қәнигелер таярланған. Бүгинги немис университетлери кең салалы қәнигелер таярлайтуғын илимий ҳәм оқыў орайлары есапланады. Техникалық университетлер техника, тәбийий пәнлер ҳәм экономикалық бағдардағы көп санлы қәнигелерди таярлайды. Техникалық университетлер менен университетлердиң айырмашылығы шәртли түрде, тек қәнигелик пәнлери тереңлестирилип үйретиледи, болмаса техникалық университетлерде де гуманитар ҳәм әмелий илимлер бөлимлери ҳәрекет етеди.

## Институтлар

Институтлар инженерлик мектеплердиң тийкарында пайда болған ҳәм ҳәзирги ўақытта 100 ден артық бағдар бойынша қәнигелер таярлайды (программистлер, инженерлер, экономистлер ҳ.т.б). Институтлардың

университетлерден айырмашылығы тийкарғы дыққат әмелий бағдарламаларға қаратылады.

Сондай-ақ, булардан басқа да педагогикалық, теологиялық, музыка, админстративлик басқарыў, көркем-өнерге байланыслы кадрлар таярлайтуғын арнаўлы кәсиплик жоқары оқыў орынлары бар.

Арнаўлы қәсиплик жоқары оқыў орынларының ранги институтлар менен тең. Олардың қәнигелерди таярлаўда тутатуғын орны салмақлы. Бул оқыў орынларында немис инженерлериниң 70 проценти, өндиристи шөлкемлестириў тараўы ҳәм информатика бойынша қәнигелердиң ярымынан асламы таярланады. Германиядағы университетлерде оқыў мүддети 5 жыл, институтларда оқыў мүддети 4 жыл. Соның 3 жылы теориялық билимлерди ийелеўге, 1 жылы әмелий жумыслар ушын өндиристе өткериледи. Оқыў процесин шөлкемлестириў әмелиятқа тығыз байланыстырылған. Барлық профессор – оқытыўшылар өндирис бойынша кәсиплик тәжирийбеге ийе болыўы шәрт, олар өндирис кәрханалары менен тығыз байланыста болады.

Медициналық институтларда оқыў мүддети 6-7 жыл, педагогикалық институтларда 3 жыл. Оқыў тамамланғаннан кейин питкериўшилер 18 ай стажировкадан өтеди ҳәм оннан кейин имтиханларын тапсырып дипломларын алады.

Германияда илимий дәреже бир мәртебе ҳәм тийкарынан университетлерде бериледи. Жоқары оқыў орнында диссертацияны жәриялап ҳәм оны қорғаганнан кейин илим докторы дәрежесин алады. Илимий – изертлеў жумыслары бойынша жоқары оқыў орынлары орайлық орында турады. Германиядағы илимий мәкемелер бир – бири менен тығыз байланысқан, илимий – изертлеў институтлары, университет лабораториялары сондай-ақ, өндирислик илимлер арасында үзилис сезилмейди. Бул жағдай илим – изертлеў жумысларының қайталаныўының алдын алады, жаңа технологияларды илимий – изертлеў мәкемелериниң

биринен – екиншисине өтиўин ҳәм өндириске тез енгизилиўин тәмийинлейди.

Әҳмийетли тәреплериниң бири-фирма ҳәм өндирис кәрханаларының хызметкерлери жоқары оқыў орынларында стажировкадан өтиўи менен бирге, студентлер ҳәм жас илимпазларда фирмаларда жумыс ислейди. Әсиресе бул арнаўлы жоқары оқыў орынлары – институтларда кең ен жайған. Жоқары оқыў орынларының профессор – оқытыўшылары да фирмалардың жумысларынан жақсы хабардар болыўы талап етиледи.

Германиядағы жоқары оқыў орынларындағы машқалалардың бири - студентлердиң санының мәмлекет тәрепинен қаржыландыратуғын орынлардың санына салыстырғанда артықлығы болып табылады.

Мәмлекеттеги демографиялық машқала, яғный халық санының өсиўиниң төменлигине қарамастан 1975 – жылдан баслап студентлер контингенти жылдан –жылға көбейип бармақта. Бул немис жасларының сапалы жоқары билим алыўға болған талабына байланыслы болса керек.

Жоқары оқыў орынларындағы ҳәр бир курс ушын оқыў режелери тастыйықланған. Оқыў режелериндеги пәнлер ҳәм ол бойынша тапсырылыўы тийис имтиханлар белгиленген. Солай болса да ҳәр бир семестрьдеги пән ҳәм ол бойынша имтиханларды тапсырыў кестеси бойынша ҳәр бир студент өзиниң басламасы менен жеке кестесин ислеп шығыў ҳуқуқына ийе. Яғный студент ҳәр бир курста оқыйтуғын ҳәм имтиҳан тапсыратуғын пәнлерин өзи таңлайды.

Оқыў жылы 15 – октябрьден басланады, еки семестрьден ибарат. Ҳәр бир семестрьдиң соңында студент пән бойынша тийисли материалларды өзлестирип болғаннан кейин лекция тыңлаған пәнлери бойынша сертификатлар жыйнайды. Топлаған баллы имтихан тапсырыў ҳуқұқын берсе имтихан тапсырыў ушын оқыў орны басшылары атына арза береди ҳәм оны тапсырады.

Германиядағы жоқары оқыў орынларында әне усы мәселеге байланыслы қосымша машқалалар да пайда болады. Пәнлерди таңлаў ҳуқұқы

берилгеннен кейин айырым студентлер ҳәр бир семестрьде аз сандағы пәнлерди өзлестирип ўақтының көпшилигин ўақты хошлыққа сарплайтуғын жағдайлары да ушырасқан. Көпшилик студентлер 5 жыллық материалларды 6,5-7 жылда өзлестириў жағдайлары жийи ушырасады. Германиядағы жоқары оқыў орынларындағы оқыў ўақтының созылып кетиўи оқыў орынлары басшылары ушын қосымша машқалаларды пайда етти, сонлықтанда олар бундай студентлерге қарсы шаралар ойлап тапты. Енди студентлер университетлер ушын қабыл етилген 5 жыл, институтлар ушын 4 жыллық оқыў мүддети ушын өзиниң есабынан ғәрежет төлейтуғын болды.

**Германиядағы илим ҳәм билимлндириў**

Германияның мәдений турмысында илимий - изертлеў жумыслары, илимий жаңалықлар барлық дәўирлерде де ең тийкарғы орынлардың бирин ийелеген. Математика, химия, астрономия, биология, медицина тараўларында немис илимпазлары дүнья жүзилик илимниң раўажланыўына өзлериниң салмақлы үлесин қосқан.

Немис философиясы XX әсирдеги илимниң раўажланыў өзеги есапланатуғын илимий билиўди методологиялық жақтан тийкарласа, ҳәзирги квант физикасы Германиялы Эйнштейн, Планк, Геизенберг усаған талантлы илимпазлардың мийнетлери тийкарында қәлиплести. Ракеталық техникаға байланысы ашылыўлар дәслеп Германияда, соң АҚШ та немис илимпазы Вернер фон Браунның басшылығында әмелге асырылды. Роберт Вилгельм Винсен (1811-1891) химиялық анализдиң тийкарын салыўшы болды.

Сондай-ақ, дүнья жүзилик лингвистикалық ой- пикирдиң раўажланыўына үлкен үлес қосқан талантлы тилши илимпазлар Франц Бопп, Якоб Гримм, акад.В.В.Радлов, Фридрих ҳәм Август Шлегель, Август Шлейхер, Гуго Шухардт, Карл Фосслер, Ф.Боасты атап көрсетиў мүмкин. Германиядағы Берлин университети тилши илимпаз Вилгельм фон Гумбольдттың атына қойылған.

Германия ҳәзирги ўақытта күшли раўажланған илимий – изертлеў мүмкиншилигине ийе. Соңғы ўақытлары бул мәмлекетте техниканың өзин ислеп шығарыўға салыстырғанда технологиялық проектлерди ойлап табыў ҳәм технологияларды дүнья базарында сатыў тәжирийбеси ен жаймақта. Мәселен, Зингер фирмасы тигиў машиналарын ислеп шығыў бойынша белгили. Бул фирма 1988-жылы өзиниң лицензиясын Қытайға сатып жиберип, ҳәзир жаңа технологиялар тийкарында ислемекте. Илимий – изертлеў жумысларының тийкарғы орайлары университетлер болып табылады. Соның менен бирге, илимий изертлеў жумыслары менен басқа да мәмлекетлик ҳәм жеке меншик шөлкемлер, кәрханалар шуғылланады. Германияда илимий - изертлеў, тәжирийбе – конструкторлық жумыслар ушын жумсалатуғын ғәрежетлердиң 70 процентин өндирислик кәрханалар қаплайды, ал қалған 30 проценти жоқары оқыў орынлары министрлиги , мәмлекетлик ҳәм коммерциялық болмаған сектор тәрепинен төленеди.

Бир мысал, 1998-жылы Макс Планка атындағы 80 ге шамалас илимий – изертлеў институтларында 10700 хызметкер, соның ишинде 2880 илимий хызметкерлер жумыс ислеген. Макс Планка институтының сол жылғы бюджети 1 млрд 200 миллион доллар болған. Бул институтта 6500 ге шамалас аспирантлар, жас ҳәм мирәт етилген илимпазлар қосымша жумыс ислейди. Сондай-ақ, ири илим-изертлеў орайларына Гельмгольц атындағы илимий орай, Фраунгоферовский жәмийети институтлары ҳ.т.б. киреди.

Илимий-изертлеў жумысларын қоллап қуўатлаўшы ең тийкарғы фондлардың қатарына «Фольксваген» концерни фонды, А.Гумбольдт атындағы фонд ҳәм Фрица Тиссен фондлары киреди.

Демек Германиядағы илимий-изертлеў жумысларын қаржыландырыўдың тийкарғы дереклери-фондлар есапланады. Мәмлекет салықлардан жеңиллик жаратыў арқалы фондлар ушын қолайлы жағдай жаратып береди.Германияда илимди раўажландырыў фонды бирлеспеси өзине 307 фондты бирлестиреди ҳәм ол бизнес тараўындағы фирмалар тәрепинен қаржыландырылады. Булардан басқа да Роберт Боша фонды,

Бертельсман фонды, Кёрбер фондлары бар. 11 фонд федерал бюджеттиң есабынан қаржыландырылады ҳәм бул фондлар студентлер ҳәм докторантлардың стипендияларын төлейди.

Германиядағы илимий-изертлеў жумысларын қаржыландырыўдың және бир дереги-бизнес, жеке меншик кәрханалар, фирмалар болып табылады. Соңғы жыллары фирмалар шет елли шериклеслери менен бирликте ямаса жеке өзлери илимий жаңалықларды өндириске тез енгизиўге ҳәм солай етип өзлери ушын пайда алыўға умтылмақта. Соның ушын да өзлери ушын пайдалы есапланған проектлерди қаржыландырыўға ғәрежет жумсайды.

2007-жыл Германияда «Ана тили жылы» деп жәрияланған. 2006-жыл «Информатика жылы» болған екен. Илимий-изертлеў федерал министрлиги гуманитар илимлер, соның ишинде ана тили-немис тилин изертлеў, оны оқытыўдың сапасын жақсылаў, улыўма гуманитар пәнлер бойынша проектлер ушын 2009-жылға шекем 64 млн. евро муғдарындағы ғәрежетти ажыратқан.

**Qadaǵalaw ushın sorawlar**

1. Германиядағы баслаўыш ҳәм орта билим бериў тараўы ҳаққында нелер айта аласыз?

2. Шет еллердеги кәсиплик билимлендириў тараўы ҳаққында?

3. Германияда орта арнаўлы кәсиплик билимлендириў тараўында ҳәзирги ўақытта айырым машқалалар ҳаққында нелер билесиз?

4. Германиядағы университет ҳам институтларының биздегиден айырмашылықлары қандай?

5. Германиядағы илимий-изертлеў жумысларын қаржыландырыўдың тийкарғы дереклери-фондлар кандай?

## 2. Tema: Туркия bilimlendiriw sistemasi

**Joba:**

1. Түркия билимлендириў системасы ҳаққында мағлыўматлар
2. Туркия билимлендириў системасы тарийхы
3. Туркия билимлендириў системасы өзгешелиги
4. Университетлери. Анадолы мегауниверситети, Стамбул университети

***Tayanısh sózler:*** *Дирекция, «Әнжуманы Даныш», «Түрк тилиниң грамматикасы», баслаўыш мектеплер, орта мектеплер, академиялық лицей ҳәм кәсип-өнер колледжлери, Стамбул университети, Анадолы мегауниверситети.*

### Түркия билимлендириў системасы ҳаққында мағлыўматлар

Түркия географиялық жақтан 97 пайызы Азия, 3 пайызы Европа материгинде жайласқан агро-санаатлы мәмлекет. Мәмлекет Азия ҳәм Европаның бир-бирине тутасқан ҳәм тийкарғы саўда жолларының кесилискен жеринде орналасқан. Аймағының көлеми жағынан дүнья жүзинде 36-орында турады. Арқа –шығыс тәрепинен Грузия, Армения, Азербайжан, шығыс тәрепинде Иран, сәл түслигирек тәрепинде Сирия ҳәм Ирак мәмлекетлери менен шегараласады. Түрк жағалаўларын төрт теңиздиң суўлары жуўып турады: арқа тәрепинде Қара теңиз, түслик тәрепинде Жер Орта теңизи, батыс тәрепинде Эгей ҳәм Мәрмер теңизлери жайласқан. XX әсирлердиң 20-жылларынан пайтахты – Анкара қаласы. Онда 4500000 дай адам жасайды. Түркиядағы ең үлкен қала – Стамбул қаласы. 1453-1921 жыллар аралығында Түркияның пайтахты болған. Ҳәзир онда 12500000 ға шамалас адамлар жасайды. Стамбул Түркияның рәсмий емес мәдений ҳәм қаржы орайы есапланады. Қоңсылас жайласқан Россия, Украйна, Молдова, Румыния, Болгария, Грузия мәмлекетлери Босфор буғазы аркалы шет еллер менен саўда экономикалық қатнаслар жасаўға мәжбүр. Географиялық жақтан Азия менен Европа материгиниң тутасқан жеринде жайласқан артықмашылығын түрк исбилерменлери пухталық пенен пайдаланады.

Түркияда транспорт инфраструктурасы: тас жоллар, темир жол ҳәм суў жоллары тармақлары күшли раўажланған. Тек туризмниң есабынан ҳәр жылы он миллиард доллардан аслам ғәрежетлер туристлик фирмалардың есабына келип түседи. Халқының 60 пайызы теңиз жағалаўларында жасайды.

Түркия халқының саны – 75 миллионнан аслам. Егерде XX әсирдиң басында бул мәмлекетте 12,5 миллион халық жасағанын есапқа алатуғын болсақ, онда олардың 100 жылда 6 есеге көбейгениниң гуўасы боламыз. Тийкарғы халқы түрклер. Түрклерден басқа – грек, араб, курд, черкес, еврей, грузин, армянь ҳ.т.б. миллет ўәкиллери жасайды. Европа аўқамына киретуғын мәмлекетлерден өзгешелиги Түркияның халқы тез пәт пенен өспекте. Европа мәмлекетлеринде миллеттиң қартайыў тенденциясы байқалса ( яғный кем-кем жоқары жастағы адамлардың көпшиликти қураўы), ал Түркияда миллеттиң жасарыўы көзге тасланады. Социологлардың көрсетиўине қарағанда, 2015-жылларға барғанда Түркия халқының 25 пайызын 14 жасқа шықпаған жас өспиримлер қурайды екен.

## ТАРИЙХЫ

Түркияда диний билим беретуғын оқыў орынлары – мешит ҳәм медреселер орта әсирлерде-ақ ашылған болса, ал дүньялық билим беретуғын оқыў орынларының ең дәслепкиси 1847-жылы Стамбулда шөлкемлестирилди. Бул педагогикалық училище болып, онда баслаўыш мектеплер ушын педагог кадрлар таярланды. Училищеде оқыў мүддети 3 жыл болды. Биринши оқыў жылы ушын – 20 студент қабыл етилди. Усы 1847-жылы улыўма билим беретуғын мектеплер дирекциясы шөлкемлестирилди. Дирекцияға баслаўыш ҳәм орта мектеплерди басқарыў ўазыйпасы жүкленди, яғный дирекция Түркия халық билимлендириў министрлиги ўазыйпасын атқара баслады.

Түркияда баспахана ислери 1727 – жылы 16 – декабрде басланған. 1729- жылы 31- январьда биринши китап басып шығарылған. Бул Жавхаридиң X әсирде жазылған 2 томлық «Арабша – түркше түсиндирме

сөзлик» китабы. Қол жазба XVI әсирде Мехмед Ванкулы тәрепинен түрк тилине аўдарма жасалған. Бул китап ҳәр бир хат саўаты бар түрктиң ең жийи қолланатуғын китабына айланды.

1850-жылы 28-июль күни Түркия Республикасы Илимлер Академиясы ашылды. Академия Франция Илимлер академиясының үлгисинде дүзилип «Әнжуманы Даныш» (Данышпанлар, даналар кеңеси) деп аталды. Бул шөлкемниң регламенти тастыйықланды. Регламент бойынша сайлап қойылатуғын Академияның 40 ҳақыйқый ағзасы болатуғын болды, корроспендент ағзалардың саны шекленбейтуғын болды ҳәм корроспендент ағза болып шет ел пухарасыда сайланыўы мүмкин екенлиги көрсетилди. Академияның ҳақыйқый ағзаларынан шет тиллериниң бирин билиўи талап етилди. Корропендент ағза болып сайланатуғын шет ел пухаралары түрк тилин билиўи шәрт емес екенлиги көрсетип өтилди. Түркия Илимлер Академиясының корроспендент ағзасына бириншилерден болып сол ўақытларда Австрия мәмлекетиниң Түркиядағы елшиси Иосиф Фон Хаммер Пургшталь сайланды.

Академияның шөлкемлестириўшилериниң бири-белгили ағартыўшы ҳәм тарийхшы Ахмед Джевдет – паша болды. Академияның ашылыўында 1839-1861-жыллары Түркия султаны болған Абдул-Меджид қатнасқан.

«Әнжуманы Даныш» тың тийкарғы ўазыйпасы илим ҳәм әдебияттың раўажланыўына тәсир етиў, түрк тили, Түркия тарийхы бойынша мийнетлер дөретиў ҳәм оларды баспада жәриялаў ҳ.т.б. болып табылды. «Әнжуманы Даныш» тың ағзалары тәрепинен дөретилген ең дәслепки мийнетлер түрк тили ҳәм Түркия тарийхына байланыслы болды. 1850-жылы Джевдет паша, Фуад паша тәрепинен дүзилген «Түрк тилиниң грамматикасы» жәрияланды. 1854-жылы Джевдет паша 3 томлық «Осман империясы тарийхы» китабын жәриялап султанға саўға етти. Ҳүкимет ағзаларының Академия жумысларына орынсыз араласа бериўи ҳәм ажыратылған қәрежетлердиң жеткиликсизлиги себепли 1862-жылы Академия өз жумысын тоқтатыўға мәжбүр болды. Академияның орнына жаңа түрк зиялыларының алдыңғы

қатардағы ағзалары тәрепинен 1860-жылы тийкар салынған Илимий жәмийетлердиң жумыслары табыслы бола баслады. Бундай Илимий жәмийетлердиң ишинде Осман илимий жәмийети көрнекли орынлардың бирин ийелейди. Бул жәмийет 1861-жылы Англия короллық жәмийетиниң үлгисинде көрнекли түрк ағартыўшысы Мюниф-эфенди (1828-1910) тәрепинен шөлкемлестирилди. Мюниф эфенди 1858-жылы Берлин университетин питкерген. Берлиндеги Түркия елшиханасында жумыс ислеген. Ол өз дәўириниң ең саўатлы адамларының бири еди. Ол парсы, араб, немис, инглис, француз тиллерин жақсы билетуғын еди. Немис тилинен парсы тилине Генрих Гейнениң қосықларын, француз тилинен түрк тилине Вольтердиң «Философиялық хатлар»ының айырым бөлимлерин аўдарма жасаған. Ол атеист болғанлықтан, бәрқулла реакционерлер тәрепинен соққы жеп турды.

Америка Қурама Штатлары 1863-жылы Стамбулда дәслепки колледжди (Роберт колледж) ашты. Бул колледж Нью-Йорк штатының оқыў орынларының дизиминен орын алды ҳәм Америка университетлериниң қадағалаўында турды. Роберт колледжди табыслы тамамлаған оқыўшылар АҚШ тағы жоқары оқыў орынларына оқыўға тапсырыў ҳуқықына ийе болды. Стамбулдағы қызлар колледжи де АҚШқа тийисли оқыў орны есапланады. 1931-жылдан баслап бул колледжди де басқарыў ҳуқықы Роберт колледждиң директорына берилген. Булардан басқа да Кайсери қаласында ер балалар оқыйтуғын орта мектеп, Стамбулдағы Скутары ер балалар мектеплери де америкалылар тәрепинен шөлкемлестирилген. Бундай оқыў орынларының улыўма саны-алтаў. Бул колледжлердеги оқытыўшылардың көпшилиги америкалылар болды, түрк оқытыўшылары түрк тили ҳәм әдебияты, Түркия тарийхы, экономикасы ҳәм географиясы пәнлерин оқытты.

Түркияда америкалылардан кейин Францияға тийисли оқыў орынлары екинши орында турады.Олардың саны да алтаў. 1868-жылы 1-сентябрьде Стамбулда биринши лицей ашылды. Бул лицей Абдул-Азиз султанның Парижге рәсмий сапарының нәтийжелериниң бири болды. Лицей Франция

билимлендириў министрлиги менен бирликте шөлкемлестирилди. Лицейде халықтың барлық қатламларының балаларының оқыўы тәмийинленди. Лицейге жаңа оқыў жылына 341 оқыўшы қабыл етилген болса, соның 147-мусылманлар, 67 армян, 36 грек, 34 еврей, 34 болгар балалары қабыл етилди. 1869-жылы лицейге 622 оқыўшы қабыл етилди, соның 300 ден көбиреги басқа миллет ўәкиллери еди.

Лицейди питкергенлер мәмлекетлик мәкемелерде жумыс ислеў ҳуқықына ийе болды. Лицейди тамамлаған оқыўшыларға пухаралық ҳәм әскерий жоқары оқыў орынларында оқыў мүмкиншилиги берилди. Оқыў режелери Франция билимлендириў министрлиги тәрепинен тастыйықланды. Айырым сабақларды (түрк тили ҳәм әдебияты, тарийх, ҳуқық, экономика) есапқа алмағанда оқыў француз тилинде алып барылды. Лицейдиң биринши директоры да француз – Де Сальв деген адам болды. Булардан басқа да Германияға тийисли 2 оқыў орны, Италья ҳәм Англия тийисли бир-бирден оқыў орынлары Түркияда билимлендириў тараўына хызмет көрсетеди.

1921-жылы Мустафа Камал Ата түрктиң басшылығында революция жеңиске ерискеннен кейин дүньялық билим беретуғын мектеплер көплеп шөлкемлестире баслады. 1924-жылы қабыл етилген Республика ҳүкимети қарарында дин мәмлекет ислерине араласпайды деп белгилеп өтилди. Дүньялық билим бериў системасы енгизилетуғыны жәрияланды. Усы қарар тийкарында барлық диний мектеплер жаўып тасланды, оның орнына дүньялық билим беретуғын оқыў орынлары ашылды. 1924-жылы Түркия Конституциясында жети жасқа толған ер ҳәм қыз балалар бийпул баслаўыш билим алыўы мәжбүрийлиги көрсетилип өтилди. Мектеплердиң ҳәм оқыўшылардың саны кескин көбейди. Усы жылы Миллий Меджлис мәмлекетте билимлендириўдиң бирден-бир системасын енгизиў туўралы Нызам қабыллады, усы нызамның орынланыўын тәмийинлеў ушын халық билимлендириў министрлиги жанында арнаўлы комиссия шөлкемлестирилди. Билимлендириў тараўындағы реформа Франция, Германия, АҚШ ҳ.т.б. мәмлекетлерден шақырылған қәнигелердиң

басшылығында әмелге асырылды. Мустафа Камал Ата түрктиң басшылығында әмелге асырылған «Мәдений революция» белгили дәрежеде түрк жәмийетин Европа турмыс қәлпине жақынластырыўға бағдарланды. Ол европаша турмыс қәлпи түрк халқын қалақлықтан алып шығатуғынлығына, халықтың ғалаба саўатлылығын арттыратуғынына исенди. 1926-жылы Түркия халық билимлендириў министрлиги хызметкерлериниң делегациясы РСФСР, Азербайжан ҳәм Орта Азия Республикаларында болып бул жерлерде әмелге асырылып атырған жумысларды үйренди. Түркияда ғалаба саўатландырыў жумысларының жанланыўына 1928-жылы араб имләсынан латын имләсына өтиўи де унамлы тәсир жасады. Бирақ бәри бир мектеплер ҳәм педагог кадрлардың жеткиликсизлиги бул тараўдағы жумыслардың кеўилдегидей орынланыўына кери тәсирин тийгизди. Буның ушын он мыңлаған жаңа мектеплер қурылыўы, көп санлы педагог кадрлар таярланыўы зәрүр еди. ЮНЕСКОның 1955-жылғы мағлыўматы бойынша Түркиядағы саўатсыз адамлардың саны улыўма халықтың санына салыстырғанда 7 пайызды қурады.

## ӨЗГЕШЕЛИГИ

Түркияда билимлендириў тараўында өткерилген реформалардан кейин оның қурылысы төмендеги көриниске келди:

**Баслаўыш мектеплер**. Түркияда 5 жыллық баслаўыш билим бериў енгизилген. Ол өзиниң ишинде еки басқышқа бөлинеди. Биринши басқышында оқыў мүддети 3 жыл. Оқыў бағдарламасы бойынша бул басқышта басланғыш саўат ашыў, әлипбе ҳәм имла қағыйдалары, арифметика, сүўрет ҳәм қол өнери, мийнет сабақлары оқытылады. Екинши басқышта оқыў мүддети 2 жыл. Бул басқышта биринши басқыштағы пәнлерге қосымша тарийх, география, тәбийий пәнлерге кирисиў ҳ.т.б. пәнлер оқытылады.

Аўыллық жерлерде жайласқан мектеплерде жергиликли жерге байланыслы «Аўыл хожалығына кирисиў» пәни бойынша басланғыш мағлыўматлар қосымша пән ретинде оқытылады.

**Орта мектеплер.** Орта мектеплерге баслаўыш мектеплерди толық питкерген оқыўшылар қабыл етиледи. Орта мектеплерде оқыў мүддети 3 жыл. Орта мектеплердиң оқыў бағдарламаларында улыўма билим беретуғын пәнлер менен бирге шет тиллерин үйрениўге айрықша итибар қаратылады. Сондай-ақ, техника, аўыл хожалығы, саўда бойынша басланғыш мағлыўматлар оқытылады. Ер балаларды усташылық, өнерментшилик кәсиплерине, қыз балаларды хожалық жумыслары, тигиўшилик кәсиплерине таярлаў жумыслары алып барылады. Оқыў режесиндеги саатлардың әдеўир бөлеги дене тәрбиясы ҳәм әскерий шақырыққа таярлаў пәнлерине ажыратылған. Орта мектеплер тийкарынан қалаларда жайласқан. Олар оқыўшыларды орта арнаўлы оқыў орынларына таярлайды. Орта мектеплерге аўыллық жерлерден келип жатып оқыўы ушын арнаўлы пансионатлар шөлкемлестирилген. Бирақ төлемли болғанлықтан көпшилик ата-аналар балаларын пансионатларға орналастыра алмайды.

**Академиялық лицей ҳәм кәсип-өнер колледжлери.** Кәсип-өнер колледжлеринде сабақ беретуғын жоқары қәнигели кадрлар таярлаў ушын Түркия ҳүкимети АҚШ ҳәм Европа мәмлекетлерине көп санлы жигит-қызларды оқыўға жиберген. Олар оқыў менен бирге ири завод ҳәм фабрикаларда әмелиятты өткерип тәжирийбе топлап келген. Соның менен бирге, Түркиядағы кәсиплик ҳәм техникалық колледжлерде жасларды оқытыў ушын шет елли қәнигелер мирәт етиледи. Сонлықтанда қысқа ўақыт ишинде кәсип-өнер колледжлерде көп санлы механиклер, қурылысшылар, шоферлар, электромонтерлар, орта бўўындағы медицина хызметкерлери таярланды. Кәсип-өнер колледжлеринде оқыў мүддети 3-4 жыл болып, оқыў режелеринде арнаўлы пәнлер менен бир қатарда улыўма билим беретуғын пәнлер қатар оқытылады.

Академиялық лицей ҳәм кәсип-өнер колледжлерине орта мектеплерди питкерген оқыўшылар қабыл етиледи. Академиялық лицейлерге зийрек оқыўшылар таңлап алынады. Кәсип-өнер колледжлери бир ямаса бир неше қәнигелик бойынша билим бериўге қәнигелестирилген.

Түркияда жаңа оқыў жылы 1-октябрьден басланады. Ҳәр жылы апрель-май айларында академиялық лицей ҳәм кәсип-өнер колледжлери питкериўшилери ушын мәмлекетлик имтихан – тест сынақлары шөлкемлестириледи. Оқыўшылардың мәмлекетлик тест сынақларында топлаған балы- оның жоқары оқыў орнында оқыўды даўам етиў мүмкиншилигин де анықлап береди. Яғный, мысал ретинде айтатуғын болсақ, академиялық лицейдиң химия-биология бағдарын питкериўши оқыўшы мәмлекетлик имтиханда топлаған балына қарап қайсы жоқары оқыў орнына қабыл етилиўи ямаса қабылланбаўы мәлим болады. Түркияда жоқары оқыў орынларының рейтинги бар. Мәселен, Стамбул яки Билкент университетиниң химия-биология қәнигелигине ҳәр жылғы қабыл режесине байланыслы 200-220 балл топлаған абитурентлер қабыл етилсе, Анкара ҳәм Трабзон университетине 180-200 балл топлаған, Измир ямаса Конья университетине 160-180 топлаған абитурентлер қабыл етиледи деп алайық. Яғный питкериўши оқыўшы белгили бир жоқары оқыў орнына ҳүжжет тапсырмайды, ал қәнигеликке имтихан тапсырады. Тест сынақларының нәтийжелери белгили болғаннан кейин мәмлекетлик тест орайынан топлаған балын тастыйықлаўшы мағлыўмат қағазын алады. Усы мағлыўматнама тийкарында топлаған балына қарай жоқары оқыў орынларының бирин таңлайды. Тест сынақларында ең жоқары балл топлаған 100 оқыўшы мәмлекеттиң есабынан шет еллердеги жоқары оқыў орынларында оқыў мүмкиншилигине ийе болады. Бундай мүмкиншилик әсиресе анық ҳәм тәбийий пәнлер бағдарындағы қәнигеликлер бойынша әмелге асырылады.

**УНИВЕРСИТЕТЛЕРИ...**

Түркиядағы ең тийкарғы жоқары оқыў орынларының бири- **Стамбул университети.** Бул университет 1900-жылы ашылған. Университет Баязид мешити менен Сулаймания мешити аралығында жайласқан. 1933-жылы диний факультет жаўылғаннан кейин 5 факультети қалды: медицина, юридика, экономика, тәбийий – математика, филология. Соң тоғай хожалығы факультети ашылды. Айырым факультетлердиң жанында арнаўлы мектеплер шөлкемлестирилген. Мәселен, медицина факультетиниң жанында акушер-гинекологлар ҳәм тис врачларын таярлайтуғын мектеплер, тәбийий – математика факультетиниң жанында фармацевтика, филология факультетиниң жанында – шет тиллери мектеплери шөлкемлестирилген.

Сондай-ақ, Стамбул университети жанында төмендеги илим – изертлеў институтлары шөлкемлестирилген: түрк революциясы тарийхы, тюркология, педагогика, география, биология, онкология, радиология, ҳ.т.б. Университеттеги ең үлкен факультет медицина факультети болып табылады. Филология факультетинде тилшилер, әдебиятшылар таярлаў менен бирге тарийх, философия, география бойынша қәнигелер таярланады. Филология факультетинде төмендеги он алты кафедра жоқары қәнигели кадрлар таярлап шығарады: түрк тили, түрк әдебияты, роман тиллери, философия тарийхы, логика, роман халықларының әдебияты тарийхы, лингвистика, әййемги дүнья тарийхы, түрк халықларының ески, орта әсирлердеги ҳәм жаңа тарийхы кафедралары, дин ҳәм ислам философиясы тарийхы, физикалық география, экономикалық география, улыўма география ҳ.т.б.

Тәбийий – математика факультети математика, физика, химия ҳәм биология бойынша қәнигелер таярлайды.

Стамбул университетинде 60000 нан аслам студентлер оқыйды. Оларға еки мыңнан көбирек профессор-оқытыўшылар сабақ береди. 8000 дай аспиранты бар.

Түркиядағы жоқары оқыў орынларында студентлерди батыс Европа ҳәм АҚШ қа әмелиятты өтеў ушын хызмет сапарына жибериў тәжирийбеси кең ең жайған. Тек Германияның өзинде ҳәр оқыў жылында бир неше мыңлаған студентлер техникалық ҳәм медициналық институтларда әмелияттан өтеди.

Жаңа түрдеги жоқары оқыў орны **Анадолы мегауниверситети** есапланады. (Билим алып атырған студентлериниң саны 100000 нан көп болған жоқары оқыў орынлары «Мегауниверситетлер» деп аталады.) Бул мәмлекетлик университет, оқыў төлемли. 1958-жылы Түркияның «Ески шәҳәр» қаласында «Экономика ҳәм коммерциялық билимлер Академиясы» болып ашылған. 1982-жылы «Ески шәҳәр» деги «Экономика ҳәм коммерциялық билимлер Академиясы», «Архитектура ҳәм қурылыс» институты, Педагогикалық институт ҳәм Медициналық институтларды бир оқыў орайына бирлестириў нәтийжесинде Анадолы университети шөлкемлестирилген. Бул университет ҳәзирги ўақытта студентлериниң саны бойынша дүнья жүзинде төртинши орында, Түркияда биринши орында турады. Университетте быйылғы оқыў жылында 884081 студент оқып билим алмақта. Аспирантларының саны 2200 ден аслам. Бул оқыў орнының ректоры-Февзи Сюрмели. Бул мегауниверситеттеги оқыў процесин шөлкемлестириўдиң өзине тән өзгешелиги, яғный аралықтан оқытыўдың шөлкемлестирилиўи, халықтың барлық қатламларының (мәмлекети, жасы, миллетине қарамастан,) жоқары билим алыўға болған талабын теңдей тәмийинлейди.

**Билкент университети** - 1984-жылы Анкарада Ихсан Дограмачи тийкарын салған жеке меншик университет. Ол Түркиядағы ең бай адамлардың бири. Өзи усы университеттиң президенти. Баласы Али Дограмачи 1993-жылдан баслап университет ректоры. Университеттиң жыллық ақша айланысы 100 миллион доллар әтирапында. Университетти раўажландырыў ушын ҳәр жылы 10 миллион доллардан аслам ғәрежет жумсайды екен. Дограмачи 1967-жылы Анкараның шығыс тәрепинен жер

сатып алып, билим қаласы-Билкентти қурыўды алдына мәқсет етип қояды. Университеттиң архитектурасы, оқытыў усыллары европаша, сабақлар инглис, немис тиллеринде алып барылады, тек айырым пәнлер түрк тилинде алып барылады. Студентлер тек европаша кийинеди. 1986-жылы студентлерди биринши қабыл етиў шөлкемлестирилген. 368 студент қабылланған. Ҳәзирги ўақытта Билкент университетинде 10000 нан аслам студент төлемли оқыйды. Дограмачи тийкарын салған фонд есабынан ең айрықша оқыйтуғын студентлерге стипендия төленеди. Түркияда университеттиң абыройы жоқары. Мәселен, 2006-жылғы Түркия бойынша тест сынақларында ең жоқары балл алған 100 абитуриенттиң отыз екиси Билкент университетинде оқыўды таңлаған. Халықаралық рейтинги де жаман емес, 72 мәмлекеттен келип оқып атырған студентлерге дүньяның 43 мәмлекетинен келип профессор-оқытыўшылар сабақ береди. Билкент университетин анық пәнлер ҳәм инженерлик қәнигеликлер бойынша питкерген қәнигелерге талап жоқары. Ал экономикалық қәнигеликлер Түркияның өзиниң экономикасы ушын кадрлар таярлаўға бағдарланған. АҚШтың илимий информациялар институты өткерген изертлеўлеринде көрсетилиўинше, Билкент Түркиядағы университетлер арасында ең алдыңғы орында турады,-деп атап өтилген. Билкент университети 2005-жылы 24-июльда Малайзияның пайтахты Куала-Лумпурда Ислам раўажландырыў банкиниң жыллық есап бериў мәжилисинде «Билимлендириў тараўындағы илимий жетискенликлери ушын» номинациясы бойынша 1 орынды алған.

Екинши дүнья жүзилик урыстан кейин әсиресе ҳүкимет басына Демократиялық партия келгеннен кейин Түркиядағы солшыл бағдардағы ағым ўәкиллери оқыў орынларында диний пәнлерди оқытыўды қадаған еткен нызамды бийкарлаўды талап етиўин күшейтти. 1947-жылы медреселер қайтадан ашыла баслады, усы жылдан баслап пухараларға ҳажы зияратына барыўға рухсат берилди. 1949-жылы февральда халық билимлендириў министрлиги 4 ҳәм 5 класларға динтаныў пәнлерин киргизди. Рәсмий ҳүжжетте бул пәнниң факультатив пән екенлиги көрсетилсе де, әмелиятта

барлық оқыўшылар оқыйтуғын болды. Баслаўыш класслардың сабақлықларында ислам дини уламалары, мешит, медреселери туўралы мағлыўматлар берилди. 1951 – жылы Анкара университетинде диний факультет ашылды. Кейин ала Түркия ислам конференциясы шөлкемине ағза болды. Египет ҳәм Сауд Аравиясындағы ислам университетлеринде билим алған мусылман зиялылары қәлиплесе баслады. Ислам институтларының дипломы жоқары оқыў орынларының дипломлары менен теңлестирилди. Демек, ислам институтларын питкергенлер мәмлекетлик шөлкемлерде жумыс ислеў ҳуқықына ийе болды. Ислам партиясы ўәкиллери әҳмийетли мәмлекетлик шөлкемлерде өз кадрларына ийе бола баслады.

Қулласы, ҳәзирги Түркияның сиясий-жәмийетлик турмысы, соның ишинде билимлендириў системасы да шығыс ҳәм батыс мәдениятларының кескин гүреси жағдайында раўажланбақта. Бир тәрептен қоңсылас отырған нефтке бай Сауд Аравиясы, Кувейт, Ирак, Иран, Египет мәмлекетлери жәрдеминде ислам диншиллери өзлериниң тәсирин күшейтиўге умтылса, екинши тәрептен Европа аўқамы мәмлекетлери аўқамның ағзалығына талабан Түркияға инсан ҳуқуқлары, сөз еркинлиги бойынша қойып отырған талаплары билимлендириў тараўында дүньялық билим бериўди еле де раўажландырыў, оның ушын мәмлекет тәрепинен күшли қоллап-қуўатлаў зәрүрлигин көрсетпекте.

## Qadaǵalaw ushın sorawlar

1.Туркия билимлендириў системасы ҳаққында нелер билесиз?

2. Туркия билимлендириў системасының өзгешеликлери қандай?

3.Туркиядағы орта билим бериў системасының бизиң билимлендириў системамыздан айырмашылығы қандай?

4. Туркия билимлендириў системасындағы кабыл етилген Нызамлар ҳаққында?

## 3-tema: Мегауниверситет-Жаңа түрдеги жоқары оқыў орны

Jobası:

1. Мегауниверситет түсиниги.
2. Мегауниверситет термининиң кирип келиўи ҳәм де қолланылыўы
3. Қытай мәмлекетиндеги Шанхай телеуниверситети (CTVU)
4. Индия мәмлекетиниң Дели қаласындағы Индра Ганди атындағы миллий ашық университети
5. Россия мәмлекетиндеги биринши мегауниверситет-«Заманагөй гуманитар Академия» (Современная гуманитарная Академия)
6. Мегауниверситетлер билимлендириўдиң ең үлгили глобаль системасы сыпатында

**Tayansh sózler**: *Берлли Кеер, информациялық-коммуникациялық технологиялар тийкарында аралықтан билим бериў, оқытыўдың технологияластырылыўы, жәриялылық, -«Заманагөй гуманитар Академия».*

### Мегауниверситет түсиниги, Мегауниверситет термининиң кирип келиўи ҳәм де қолланылыўы.

Ҳәзирги ўақытта жоқары оқыў орынлары раўажланыўының жаңа басқышына көтерилмекте. Билим алып атырған студентлериниң саны 100000 нан көп болған жоқары оқыў орынлары «Мегауниверситетлер» деп аталады. 1970-жылы АҚШ тың Калифорния штатында ең дәслепки мегауниверситет бир неше жоқары оқыў орынларының биригиўи нәтийжесинде ашылған. «Мегауниверситет» терминин биринши рет Калифорния университетиниң президенти Берлли Кеер қолланған. Ҳәзирги ўақытта дүнья жүзинде бундай мегауниверситетлердиң саны-он сегиз. Бул мегауниверситетлерде ҳәзирги ўақытта 10000000 нан аслам студентлер аралықтан билим алмақта. Бул дүнья жүзиндеги студентлер санының сегиз ярым процентин қурайды. Мегауниверситетлердиң тийкарғы жетискенлиги сыпатында

информациялық-коммуникациялық технологиялар тийкарында аралықтан билим бериўи, оқытыўдың технологияластырылыўы, жәриялылық, қәлеген жастағы қәлеўшилерге билим алыў мүмкиншилигиниң жаратылғанлығы, билим бериў сапасының жоқарылығы, оқыў процесиниң ийкемлилиги, студентлердиң билимин баҳалаўдың объективлиги көрсетиледи.

Усындай мегауниверситетлердиң айырымлары туўралы мағлыўмат беремиз.

## Қытай мәмлекетиндеги Шанхай телеуниверситети (CTVU), Индия мәмлекетиниң Дели қаласындағы Индра Ганди атындағы миллий ашық университети.

Студентлериниң саны бойынша дүнья жүзинде биринши орында туратуғын мегауниверситет-Қытай мәмлекетиндеги Шанхай телеуниверситети (CTVU) есапланады. Бул университетте ҳәзирги ўақытта 1840000 нан аслам студентлер билим алып атыр. Екинши орында Индия мәмлекетиниң Дели қаласындағы Индра Ганди атындағы миллий ашық университети турады. Бул университетте оқыйтуғын студентлердиң саны 1300000 нан аслам.

Усындай мегауниверситеттиң және бири-Туркиядағы Анадолы (Анатолийский университет) университети есапланады. Бул мәмлекетлик университет. 1958-жылы Туркияның «Ески шәҳәр» қаласында «Экономика ҳәм коммерциялық билимлер Академиясы» болып ашылған. 1982-жылы «Ески шәҳәр» деги «Экономика ҳәм коммерциялық билимлер Академиясы», «Архитектура ҳәм қурылыс» институты, Педагогикалық институт ҳәм Медициналық институтларды бир оқыў орайына бирлестириў нәтийжесинде Анадолы университети шөлкемлестирилген. Бул университет ҳәзирги ўақытта студентлериниң саны бойынша дүнья жүзинде төртинши орында, Туркияда биринши орында турады. Бул университетте быйылғы оқыў жылында 884081 студент оқып билим алмақта. Аспирантларының саны 2200 ден аслам. Бул оқыў орнының ректоры-Февзи Сюрмели.

## Россия мәмлекетиндеги биринши мегауниверситет-«Заманагөй гуманитар Академия» (Современная гуманитарная Академия)

Россия мәмлекетиндеги биринши мегауниверситет-«Заманагөй гуманитар Академия» (Современная гуманитарная Академия) есапланады. Бул жоқары оқыў орны мәмлекетлик емес, коммерциялық емес мегауниверситет есапланады. Университет 1992-жылы шөлкемлестирилген, ҳәзирги ўақытта Россиядағы биринши ҳәм бирден-бир мегауниверситет есапланады. Онда оқыйтуғын студентлердиң саны-180000 нан аслам. Бул оқыў орнының ректоры-техника илимлериниң докторы, проф.Михайл Петрович Карпенко. Бул университетте бакалавр ҳәм магистр қәнигелер таярланады. Юриспруденция, экономика, лингвистика, философия, педагогика, психология, социология, политология, көркем өнер, менеджмент, салық ҳәм салыққа тартыў, информатика, ҳ.т.б. қәнигеликлер бойынша қәнигелер таярланады. Күндизги бөлимде оқыў мүддети-4 жыл, сыртқы бөлимде оқыў мүддети-5 жыл. Жоқары мағлыўмат тийкарында екинши-қәнигеликте оқыў мүддети-2,5 жыл. Орта арнаўлы мағлыўмат тийкарында екинши қәнигеликте оқыў мүддети-3,5 жыл. Аралықтан оқытыў ҳәптениң шемби ҳәм екшемби күнлери алып барылады. Бул жоқары оқыў орны дүньядағы басқа да мегауниверситетлер менен биргеликте Мегауниверситетлердиң глобаль тармақларын шөлкемлестириўшилердиң бири.(Global Mega University Network -GMUNET ) GMUNET-планетамыздағы ең ири жоқары оқыў орынларының әмелий бирге ислесиўин, сапалы тәлим ресурсларын бирликте ислеп шығыўын ҳәм ең үлгили оқыў бағдарламаларын дүнья жүзине спутникке байланысқан телевидение арқалы жеткерилиўин тәмийинлейди.

Бул жоқары оқыў орнының ресурслар орайында 15000 ға шамалас электрон сабақлық ҳәм оқыў қолланбалар, 25000 нан аслам ҳәзирги заман компютерлери, 80000 атамадағы китапхана фонды, 22000000 атамадағы цифрли китапхана фонды бар.

Россия Федерациясы аймағында бул оқыў орнының 805 орында оқыў орайлары, 147 филиаллары ашылған. ҒМА ға киретуғын 10 мәмлекетте 54 оқыў орайы бар.

Ҳәзирги заман оқыў бағдарламаларын ислеп шығыў ҳәм оны әмелге асырыўда 13000 нан аслам қәнигелер, соның ишинде 500 ден аслам илим докторлары, профессорлар тынбай  мийнет ислейди. Студентлерге ҳәр бир семестрьде 20 дан аслам оқыў-методикалық қолланбалар тарқатпа материал ретинде жеке қолланыўы ушын бериледи.

1998–жылы Заманагөй гуманитар Академиясының СГУ ТВ–билимлендириў телеканалы дүзилген. Спутник арқалы тәмийинленетуғын телебилимлендириў Россия ҳәм ҒМА мәмлекетлерин толық тәмийнлейди. 8000000 ға шамалас аудиторияға  телевидение арқалы билимлендириў бағдарламалары жеткерилип бериледи. Мегауниверситеттиң барлық орайлары жоқары тезликтеги локаль тармақлар менен тәмийинленген. «Платон» спутник  системасы арқалы VSAT технологиясы тийкарында радио,телевидение, аудио/видеокөрсетиў, аудио/видео конференция, Интернет-конференция, Интернет-көрсетиў, он-лайн сабақлар, сондай-ақ, бир ўақытта бир неше  оқыў орайлары менен бирликте мәжилислер өткериў мүмкиншилиги жаратылған. Студентлердиң билими компютерьде тест тапсырыў арқалы баҳаланады.

Булардан  басқа да алдыңғы қатардағы мегауниверситетлерге Францыядағы Миллий аралықтан оқытыў орайы (CNED),  Англиядағы 1969-жылы ашылған Британия ашық университети (BOU), Германияда 1974-жылы шөлкемлестирилген «Fern Universität in Hagen» университетлери киреди.

Мегауниверситетлер билимлендириўдиң  ең үлгили глобаль системасы сыпатында баҳаланбақта. Мегауниверситетлердеги оқыў процесин шөлкемлестириўдиң  өзине тән өзгешелиги, яғный аралықтан оқытыўдың шөлкемлестирилиўи, халықтың барлық қатламларының (мәмлекети, жасы, миллетине қарамастан,) жоқары билим алыўға болған талабын теңдей тәмийинлейди. Билимлендириў мәселесине пүткиллей жаңаша қатнас жасаў

арқалы мегауниверситетлер бул социаллық мәселесиниң шешимин тапқанға қусайды. Яғный мегауниверситетлерде 60, 70 жаста да оқыў мүмкиншилиги жаратылған, сондай-ақ, океанның берги тәрепинде отырып басқа материктеги жоқары оқыў орнында оқыў мүмкин.

Жуўмақластырып айтқанда, «XXI әсир-информациялық технологиялар әсири» деп бийкардан бийкарға айтылмаған. Адамзат жәмийети өзиниң раўажланыўының жаңа басқышы – информацияласқан жәмийет басқышына кирип бармақта. Соның бир дәлили сыпатында мегауниверситетлерди көрсетиў мүмкин. Яғный дүнья жүзинде ең дәслепки мегауниверситеттиң пайда болғанына еле толық 40 жыл ўақыт болған жоқ. Бүгинги күнде олардың ҳәм оларда оқыйтуғын студентлердиң саны тез пәт пенен өсип бармақта. Демек, мегауниверситетлер жоқары оқыў орынларының айрықша бир түри сыпатында қәлиплеспекте.

## Qadaǵalaw ushın sorawlar

1. Мегауниверситет түсинигиниң университеттен айырмашылығы?
2. Мегауниверситет тусинигиниң келип шығыўы ҳәм қәлиплесиўине тийкар болған факторлар?
3. Россиядағы мегауниверситет ҳаққында нелер билесиз?
4. Мегауниверситетлердеги оқыў процесин шөлкемлестириўдиң өзине тән өзгешелиги?

**ÁMELIY SHINIǴIWLAR USHIN MATERIALLAR**

**<u>1-tema: Шет ел билимлендириў тәжирийбелери бойынша қысқаша жаңа мағлыўматлар топлаў</u>**

**<u>2-tema: Корея билимлендириў системасы бойынша курс жумысын жазыў</u>**

**3-tema: Мегауниверситетлер бойынша интернеттен соңғы жаңалықларды топлаў**

## Internet hám ZiyoNet saytları


1. http://elearning.zn.uz- Elektron talim blogi
2. http://my.estudy.uz - masofali wquv tizimi
3. http://office.microsoft.com/en-us/word-help/create-a-new-document-using-a-template-HA102840145.aspx?CTT=5&origin = HA102809673
4. http://office.microsoft.com/ru-ru/word- help/HP010368778.aspx# Toc287271760
5. http://pedagog.tdpu.uz - Respublika pedagogika talim muassasalari portali
6. http://remontka.pro/start-windows-8/
7. http://uz.infocom.uz/2009/12/21/talim-tizimida-keskin-burilishga-sabab- bolgan-4-dastur-haqida/ - Xamidov V.S. Talim tizimida keskin burilishga sabab bwlgan 4 dastur haqida.
8. http://www8.hp.com/ru/ru/support-topics/windows8-support/start-screen.html
9. http://yenka.com
10. http://ziyonet.uz – Ózbekiston Respublikasi axborot-talim portali
11. www.portfolio.bimm.uz - elektron portfolio tizimi
12. bakh.abdik@gmail.com